lan gustimu rajasiwi,
lan kaselak ayun wrin,
mring gustimu nimbok mantu,
rajaputri Manggada,
wartane ayu linuwih,
lan sektine pilih kang lumawan ing prang.
3. Heh patih pangungun ingwang,
dene gustimu sang putri,
maksih kenya wus sumbaga,
kaojat ing Nuswa Bumi,
kyana patih wotsari,
pukulan saestunipun,
nguni badan kawula,
nalika lolos ing latri,
katututan mring para narpati sabrang.
4. Kawula lan pra dipatya,
meh tiwas madyaning jurit,

nunten gusti sang lir retina,
punika kang mitulungi,
sagung para narpati,
kasor yudanipun kondur,
mesem sang dwija retina,
lah uwis ingsun ndhingini,
sigra mesat sira Nyai Geng Pucangan.

5. Laju napak jumentara,
gya budhal rekyana patih,
lampahira gegancangan,
nengna kang lagya lumaris,
wuwusen sang Apanji,
kang lagya siniweng wadu,
lawan rajeng Manggada,
kang tansah angarsi-arsi,
mring kya patih dennya lami datan prapta.
6. Lagya eca paguneman,
kasaru sang dwija putri,
tumedhak saking akasa,
jumujuk ngarsa sang Panji,
jumeneng duk kaeksi,
sang Panji kagyat tumurun,
sumungkem sarya nembah,
rajeng Manggada ningali,
alon matur pukulan sinten punika.
7. Ngandika sang rajaputra,
Jeng Uwa kang rawuh iki,
wiku retina ing Pucangan,
sadherek sepuh pribadi,
jeng rama ingkang rayi,
myang Kadhiri rama prabu,
sumendhi catur nata,
rajeng Manggada miyarsi,
gya tumurun nembah mring sang dwija retina.

8. Nyai Geng aris ngandika,
kulup sapa nembah iki,
sang Panji matur anembah,
ngaturken nama myang nagri,
kaipe mring pun yayi,
Carangwaspa ingkang dhaup,
lan arinya sang nata,
kang wasta Kenakasasi,
wiku retna aris denira ngandika.
9. Mengko endi arinira,
si Carangwaspa tan keksi,
sang Panji matur anembah,
duk cangkrameng tamansari,
sarimbit tan sumiwi,
Nyai Geng ngandika arum,
kulup lah tutugena,
nggonira siniweng dasih,
ingsun nusul mring taman selak yun wikan.
10. Mring garwane arinira,
gya musna sang dwija putri,
sakedhap nusul mring taman,
nulya kondur sang Apanji,
sang nata atut wuri,
sumusul mring tamansantun,
samyang ngampiri garwa,
Retna Galuh wus kinanthi,
kawuwusa Nyai Geng duk prapteng taman.
11. Jumeneng dupi katingal,
Panji nom lagya sarimbit,
lan garwa angalap sekar,
kagyat denira ningali,
lamun kang uwa prapti,
kang garwa cineneng asru,
yayi payo anembah,
Jeng Uwa kang rawuh iki,

kang kaprenah sepuh saking rama nata.

12. Sang Retna Kenakawulan,
gurawalan malajengi,
prapta ngarsa mendhak nembah,
sumungkem pada sang dewi,
rinangkul mring sang resi,
dhuh dhuh iki mantuningsun,
dhenok sira ngadega,
kinanthi sang rajaputri,
Panji Jungut kantun denira anembah.
13. Ngandika sang dwija retina,
Jungut garwanira iki,
den'agedhe tresnanira,
dene uwis anglabeti,
Panji nom awotsari,
sigra ingaturan laju,
tumameng yasakambang,
kasarengan rawuh sami,
Panji sepuh kalawan raja Manggada.
14. Samya nganthi garwanira,
sumiweng sang dwija putri,
nahan suka parisuka,
kang lagya andon papanggih,
kasaru Ragilkuning,
kang prapta sarwi anuntun,
tangane Ni Dhadhapan,
jrih pineksa anuruti,
Bancak Dhoyok Jangkung umiring neng wuntat.
15. Sapratanira ing ngarsa,
mesem Resi Wilisuci,
Dhenok Ragilkuning sapa,
kang sira tuntun mring ngarsi,
Ragilkuning wotsari,
Uwa punika pun biyung,

wasta Randha Dhadhapan,
kang mawi dadya panarik,
luwaripun sagunge kang kasangsara.

16. Sang resi manthuk ngandika,
heh Dhadhapan aywa wedi,
sun iki kaprenah garwa,
mring pandhita kang wawangi,
Wiku Anda ing nguni,
kang weh wangsit mring sireku,
dhukuh Ngujungsupama,
kang akantha suwargadi,
ing samengko kabeh luwar saking sira.
17. Ingsun milu ngaku kadang,
marang sira lair batin,
wit gedhe panrimangwang,
marang ing sira sayekti,
Nyi Dhadhapan wotsari,
gusti sumangga pukulan,
reh abdi kawlas arsa,
sinarwe mring para gusti,
mugi-mugi tulusa sihing bathara.
18. Ki Bancak nambungi sabda,
kula kangelan tan sipi,
punapa boten denumpak,
ginajar yekti mantesi,
kados kula puniki,
dhasar putra prayayi gung,
purun glesed brangkangan,
mindha sato neng wanadri,
siyang dalu anggayemi gogodhongan.
19. Mesem ri sang dwiya retina,
kasaru wonten tur uning,
yen prapta rekyana patya,

kang saking nagri Kadhiri,
ngandika' dwija putri,
kulup temonana gupuh,
ya patih ing Manggada,
marma suwe aneng margi,
kena beka binegal dening reksasa.

20. Kang neng tengah wanawasa,
sampurnane saka mami,
sang Panji sigra tur sembah,
lan rajeng Manggada mijil,
saprataniireng jawi,
kya patih sumewa sampun,
ngaturaken nawala,
wangsulan nateng Kadhiri,
duk binuka tembunge angraras driya.

XIV. PATIH PALGUNA DUMUGI SIDIKASA, SANG PANJI REMBAG BADHE TUMUNTEN MANTUK DHATENG KADHIRI

MIJIL

1. Dangiyahing surat amranani,
tembung kang kawiyos,
lir ijeman pinethik cakepe,
wusnya pupuji pamintaning sih,
lah mahyakken galih,
dennya suka sukur.
2. Wilujenging putra kang wus panggih,
lan garwa sang sinom,
tuwin sampurna ing sakalire,
ing wusana aparing udani,
yen kang rama sami,
catur nata kumpul.
3. Samya dumunung munggend Kadhiri,
rumeksa ing kewoh,
saha wadya sangkep gagamane,
tuwin kadang kadeyan tan rempit,
wusaneng srat titi,
sru mangayun-ayun.
4. Wusnya kendel pinaringna nuli,
mring ari sang katong,
rajeng Manggada langkung sukane,
aningali raras ruming tulis,
andangu mring patih,
ing satingkahipun.
5. Sampun katur tan wonten kalempit,
myang sangsara ing don,
duk binegal lan ditya prang rame,
kang mungkasi Wiku Wilisuci,

ya ta kang winarni,
andadyakken rembug.

6. Badhe nunten budhal mring Kadhiri,
tuwin sang akatong,
rajeng Manggada ngrakit wadyane,
rinarengga binusanan asro,
myang para bupati,
ing pangkat winangun.
7. Sampurnane rakit tigang ari,
wusnya amirantos,
sang Apanji tur uninga mangke,
mring kang uwa Wiku Wilisuci,
kang maksih mangun sih,
munggeng tamansantun.
8. Karsanira ri sang dwija putri,
kinen budhal gupoh,
dwija retna ndhingini lampahé,
medal wiyat ngiras atur peksi,
mring catur narpati,
aywa kongsi tambuh.
9. Wusnya dados rembag sigra pamit,
sang resi gya miyos,
angambara wus lepas lampahé,
ingkang kantun wus mbudhalken baris,
tengara mawarni,
gong kendhang gumuruh.
10. Untabing bala kagiri-giri,
kadya samodra rob,
wadya Manggada tikél indhake,
kekrigan saking manca nagri,
telasing wadya lit,
nulya mijilipun.
11. Rata jempana tandhu myang joli,

binusanan abyor,
pangkat-pangkat myang upacaraane,
Ni Dhadhapan binekta mring nagri,
tinitihken joli,
lan sinung papayung.

12. Para punggawa kang munggend ngarsi,
pinilih nom-anom,
pangkat-pangkat asri papandhene,
bandera tunggul kakandha asri,
katempuh ing angin,
kumitir mantiyung.
13. Kelap-kumelap angilat thathit,
prabawa gora wor,
tatabuhan myang wadya untabe,
lebu muleg dhedheg anglimputi,
kyehning kang lumaris,
narajang wana gung.
14. Glagah halinggang rerompok resik,
sirna rinateng wong,
wadya margangsa ngarsa karyane,
darapon eca ingkang lumaris,
rata miwah joli,
ririhipun.
15. Ya ta lepas lampahe wadya lit,
tan antara katon,
nulya ngambah marga geng lampahe,
raran kang anjog mring Kadhiri,
cundaka ndhingini,
tur uningeng prabu.
16. Rajeng Kadhiri sigra ngundhangi,
kang methuk jawi jro,
pra kadeyan tebih pamethuke,
Arya Brajanata kang angirid,

- kang para bupati,
wuri kang sumundhul.
17. Pangiride kang para papatih,
dene para katong,
munggeng siti bentar pamethuke,
kanthi lawan para prameswari,
ubekan wadya lit,
kang sami ndudulu.
18. Sesek jejel satepining margi,
jalu tuwin wadon,
lir punagi ayun wruh gustine,
dennya rawuh sampurna sakalir,
miwah manggih kanthi,
narendhra pinunjul.
19. Nguni duk lolos saking nagari,
akarya wirangrong,
sanagara dahat prihatine,
kongsi tumus gunayeng praja tis,
nyenyet tan kumlisik,
alum taru-taru.
20. Mangkya rawuh sru suka wadya lit,
kukuwung sumorot,
sri kawuryan praja geng senene,
lir baskara sirna kang ngawengi,
sumilak mratani,
sumebar rum-arum.
21. Nahan katingal cucuking baris,
mardangga kendhang gong,
salompret sewu ing ngarsa dhewe,
wadya Keling wahana turanggi,
lulurahnya kalih,
nitih liman agung.
22. Bajo kotang sora-sari abrit,

- rinenda mas abyor,
pedhang sandhok neng wuri tamenge,
rowa rikat tangkepe tarampil,
wadya kang ningali,
cingak andudulu.
23. Kagawokan myat rakiting baris,
wuri malih katon,
wadya sasaman asri papandhene,
kendhang bengkilung munya senggani,
astha pra bupati,
kang dadya panganjur.
24. Samya songsong laring dhandhang wilis,
sinulam cineplok,
ing kancana renda mas plisire,
punggawane nom-anom pinilih,
kang gagah geng inggil,
lan kang sugih wulu.
25. Para mantrine munggeng turanggi,
rempek lamun tinton,
wadya saleksa wuri sambunge,
sundhul-sumundhul para bupati
busana mawarni,
kawuryan bra murub.
26. Kadya sekar sataman tulya sri,
myang swara gora wor,
prapta pamethukan susungute,
ingundhangan piyak nganan ngering,
pra kadeyan nguni,
kang methuk anggambuh.

GAMBUH

1. Pangirid munggeng ngayun,

Arya Brajanata sampun laju,
tuwin pra ari sadaya wus kerid,
linarapaken mring pungkur,
pra kadeyan cingak tumon.

2. Kehing wadyabala gung,
Arya Brajanata wus kapanggih,
lawan ari rajaputra sang Apanji.
sigra pinatah neng pungkur,
myang kadang nunggil sapangkon.
3. Parincen tan winuwus,
dennya pakurmatan lan wulangun,
lampahira tan kendel kapethuk malih,
para papatih mangayun,
pinarnah wuri agolong.
4. Kang methuk bantu-bantu,
sadayanya pinatah neng pungkur,
kuneng lampahira wus parek lan nagri,
pasamuan ing marga gung,
kang rinengga ing tutunon.
5. Nguni rinakit sampun,
papanjeran pinggiring marga gung,
waos rontek lalayu bandera ngarsi,
daludag payung tutunggul,
mantri Kadhiri mirantos.
6. Tatarub lajur-lajur,
mangku gangsa tinembang gumuruh,
kantha-kantha methuk wiwaha ing margi,
pasamuan kang winangun,
ring pangantyan sang Panji nom.
7. Wadyabala panganjur,
bayak gambira turut marga gung,
salomprete sewu binarung saruni,
sumreg wadya kang ndudulu,

gumeder jengkeng myang jongok.

8. Ngungak pating palinguk,
nganguk-anguk kang munggend ing pungkur,
weneh anging anjawil mantri kang linggih,
neng tarub jinawil rengu,
ki lurah nyuwun pawartos.
9. Jeng gusti rajasunu,
dene dangu tan wonten kadulu,
punapa ta panggenane taksih tebih,
puniku ingkang lalaku,
tiyang pundi dereng tumon.
10. Mantri ika sumaur,
wus menenga tan weruh ing urus,
ngampil epok anyeneng kula tuturi,
jeng gusti maksih neng pungkur,
niku cucuk ingkang katon.
11. Wartane wadyanipun,
rajeng Manggada ratu gegedhug,
ingkang empun nungkul mring Jeng Gusti Panji,
wong ika njengek gumuyu,
lah dalah kaya mengkono.
12. Punapa sababipun,
mawi nungkul narpati gegedhug,
lho turene katut mring kadange estri,
kedanan mring gusti Jungut,
kang tan susah prang rerempon.
13. Gumuyu manthuk-manthuk,
layak bae yen jeng gusti Jungut,
singa prawan andelok panthi kikinthal,
lah mara mengko si Tumbu,
nek weruh badhek melompong.
14. Kang sinarwe mbasengut,

sarwi lunga nggarundel wong gemblung,
sasandhinge gumuyu pating cukikik,
kasaru wonten kadulu,
sasaman mantri nom-anom.

15. Abra busananipun,
kadya sekar sataman kadulu,
lalayune bandera sami kumitir,
punggawane munggeng pungkur,
astha sami atotopong.
16. Nitih kuda papayung,
upacara kanan kering ngayun,
papangkone bengkilung kendhang seruni,
wong nonton kaget anjumbul,
seru gigire ginablog.
17. Sapa kang teka iku,
bagus-bagus lir bupati agung,
gagaman prang rowa-rowa becik-becik,
panganggone sarwa murub,
nganggo topong lan babadhong.
18. Kang ginablog sumaur,
heh pelolo matamu tan weruh,
iku kabeh wowolu para bupati,
Manggada dadi panganjur,
jarene prawireng kewoh.
19. Ratune gagah bagus,
ing samengko dadi kanthi tuhu,
lah yen kaya mengkono bakale becik,
nadyan peranga ing besuk,
karo mungsuh ora kasor.
20. Wonten malih kadulu,
wadya gumulung saengga ladhu,
seseg bentet marga gung ingkang lumaris,
wadya kaputren nemlikur,

ewu neng ngarsa mirantos.

21. Busana bra ngunguwung,
papandhene bandera lalayu,
maratani menuhi katiyup angin,
punggawane apapayung,
mangku salompret kendhang gong.
22. Wuri ingkang sumambung,
prajurit-putri kang kawan atus,
munggeng kuda ababadhong aependhing,
pekak madya kelat bau,
atameng muka totopong.
23. Pacara wuri sewu,
ingemasan tinon ting palancur,
ngapit rata bangu jring pinatik rukmi,
pangirit turangga satus,
titihannya sang karongron.
24. Panganten putri kakung,
Panji Carangwaspa lan sang ayu,
gagandhengan lan Retna Kenakasasi,
sinongsongan ngapit tunggul,
wuri tandhu lawak abyor.
25. Kancana cinapurung,
linungsir-lungsir sutra bang biru,
titirahe kancana rinajawredi,
Dyah Ragilkuning ing ngriku,
lan Nyi Dhadhapan karongron.
26. Wuri kang tandhu satus,
para putri sasaosanipun,
kenya saking nagri Manggada pinilih,
ing wuri ingkang sumambung,
pacaranira sang katong.
27. Abra pating palancur,

sunaring kancana kang rinungrum,
pinatik ing jumanten nila widuri,
sorot sumirat mawelu,
tejane baskara kasor.

28. Papadhen angendhanu,
pangayape jejel kadya tedhuh,
sri narendra anitih rata rinukmi,
karongron lan garwanipun,
asongsong kinitir ijo.
29. Narendha gagah bagus,
makutha mubyar buka sri murub,
Kyana Patih Palguna kang mungging wuri,
nitih liman cinapurung,
nandhese srijata anom.

SINOM

1. Inggang sumambung ing wuntat,
sang wulucumbu kakalih,
sinangaja ing sakarsa,
anedha wahana joli,
karongron jalma kalih,
kalekaran tan kekemul,
angadhep nyanyamikan,
gumelar kang adi-adi,
turut marga sosongeran lan mamangan.
2. Kereng keras yen parentah,
anjaluk salin sumalin,
mantrine inggang ajaga,
kaki atine ngladeni,
jodhang sapuluh sisih,
pinikul angapit tandhu,
isi sekul lan ulam,
nyanyamikan warni-warni,

parandene ing wuri maksih sudhiya.

3. Inkgang sumundhul ing wuntat,
pacara kaputran asri,
tan patya keh papesajan,
myang kang umiring mung kedhik,
raja putra sang Panji,
karongron lan Retna Galuh,
nitih rata rinengga,
songsong tunggul mung sasupit,
para kadang wuri samya nitih kuda.
4. Amung Arya Brajanata,
anitih rata rinukmi,
para patih wuri pisan,
ya ta lampahira dupi,
ing pasamuhan prapti,
munya pakurmatan agung,
munya sakeh gamelan,
wadya lit kang niningali,
sadangune tansah denny kagawokan.
5. Lir katemben denny mulat,
sru mangalembaneng gusti,
miwah nguni langkungira,
Panji nom katon sarimbit,
kongsi pating belasi,
polahing wong kang ndudulu,
swarane kang pocapan,
kapyarsa mawarni-warni,
datan kena sinapih malah andadra.
6. Kuneng wau lampahira,
linggar pasamuhan margi,
ngalun-alun sampun prapta,
sagung wadya nganan ngering,
kadya atata baris,
mung para wahana laju,

tumurun ing taratag,
wit kang rama wus kaeksi,
samy a lenggah neng dhampar sakawan pisan.

7. Dangu nganti mring kang putra,
samana sami sarimbit,
sumewa mring rama nata,
sang Panji ngarasa pribadi,
lan Retna Sekartaji,
laju sumungkem ing suku,
mring rama sri Jenggala,
nguswa pada kanan kering,
ingkang rama kumembeng ngaras mustaka.
8. Wusnya lengser gentya nembah,
mring rama nateng Kadhiri,
tuwin mring nateng Ngurawan,
miwah nata Singasari,
ing wuri kang nambungi
Panji nom lan garwanipun,
ngabekti gentya-gentya,
mantu sinambrama sami,
dupi nembah mring rama nata Ngurawan.
9. Narendra esmu kagagas,
Panji nom dene wus krami,
ing nguni sampun pinacang,
lan putri Ngurawan yekti,
mangko temah ndhingini,
aran ing wusananipun,
katuju antuk wedhar,
wangsit Wiku Wilisuci,
yen puniku sang Retna Kenakawulan.
10. Tan lami neng Tanah Jawa,
nuli mring Manggada malih,
awit jumeneng narendra,
amengku Manggada nagri,
Retna Kenakasasi,

gumantya mring raka prabu,
awit Sri Suryadadwa,
tan panjang yuswa narpati,
muksanira narendra tan tilar putra.

11. Marma kaole ki dhalang,
ing tembe kang madeg aji,
putra Panji Carangwaspa,
amengku Manggada nagri,
jenggan ingkang miyarsi,
mangsa boronga ing ngriku,
reh tingkah sampun lama,
leres lepat tan udani,
kuneng wusnya ganti sang rajeng Manggada.
12. Nembah mring catur narendra,
entyarsa binojakrami,
sinung sabda ela-ela,
wusnya lumengser mring wuri,
nembah mring prameswari,
ganti-ganti ingkang ibu,
sinungsun sukarena,
saweneh awetu tangis,
kang kaetang ing nguni duk kawlasarsa.
15. Sampurna saliring tingkah,
bujana ing siyang latri,
wusnya kondur padunungan,
sang Panji nunggil neng puri,
lan Panji nom sarimbit,
maksih nunggil ing kadhatun,
amung para kadeyan,
marang kasatriyan malih,
sri Manggada sampun sinung pamondhokar..
16. Jawi jro asukan-sukan,
wadya ngiras pacak baris,
langkung geng barisanira,

tan kontap ing mengsah pasthi,
ya ta antawis lami,
sadaya oneng wus lipur,
nuju ari sajuga,
nalika ing tengah latri,
trang ing wulan sang Panji dereng anendra.

**XV. PANJI WANENGPATI KALIYAN WIRUN KABEKTA
BATHARA GANA DHATENG JAMBI KAPURIH
ANGLEBETI SAYEMBARA**

SINOM :

1. Karongron lawan kang garwa,
neng latar amajang sasi,
wonten jawata tumedhak,
dutane Sanghyang Pramesthi,
Hyang Kaneka nuruni,
lan Sanghyang Gana neng pungkur,
jawataning dirada,
Hyang Kaneka duk kaeksi,
lan Hyang Gana sang Panji agya tumedhak.
2. Lan garwa anguswa pada,
Hyang Kaneka ngandika ris,
kulup Panji lah dandana,
karsane Sanghyang Pramesthi,
sira sawengi iki,
ginawa sang Liman prabu,
marang Jambi nagara,
sira jumenenga aji,
jujuluka Narpati Dhadhapwasesa.
3. Iku margane sampurna,
denira amangun jurit,
lan Prabu Bramakumara,
miwah kang para narpati,
dene kang dadya kanthi,
amung sawiji si Wirun,
mengko iya ginawa,
besuk yen prapta ing Jambi,
dhaupena lan putri Prabu Kisrawa.
4. Si Wirun ngaliha aran,

Dhadhapnarataka patih,
sira Sri Dhadhapwasesa,
Hyang Kaneka wusnya titi,
sang Retna Sekartaji,
pinoma winantu-wantu,
aywa kongsi kawedhar,
sesengkeran batharadi,
Hyang Kenaka pamit linggar sampun musna.

5. Mung kantun Bathara Gana,
sang Panji gya denwadhahi,
cupu retina astagina,
Hyang Gana mesat tumuli,
Wirun dipunampiri,
nuju guling gya sinambut,
winor jro astagina,
Hyang Gana ndedel pratiwi,
lampahira mring Jambi yudakenaka.

PANGKUR :

1. Wuwusen Prabu Kisrawa,
kang jumeneng karaton nagri Jambi,
prakosa ageng aluhur,
mangkya sri naranata,
sungkaweng tyas wit putri diwasa sampun,
kang kalebeng sayabara,
dhasar putri mung satunggil.
2. Warna yu susileng tingkah,
pinaraban Retna Turidawilis,
marma sungkawa sang prabu,
jroning pasayabara,
sapa bisa nembadani kuwatipun,
myang ngasorken ngadilaga,
meng-amengannya sang putri.

3. Dirada pancal suku pat,
kamulane duk baledug kang esthi,
pinangguh dening sang ayu,
mungging jroning talaga,
beji taman tan ana wrin sangkanipun,
baledug angum ing toya,
pileren kongsi meh mati.
4. Ingentas marang sang retina,
piniyara mungging sajroning puri,
sinung aran pun Balitung,
mangkya wus dadya liman,
pun Balitung anglangkungi geng aluhur,
punjul sasaming liman,
lan anjilma anglir jalmi.
5. Wit katonton sudibyanya,
pun Balitung nguni sang rajaputri,
cangkrama anggraning gunung,
lawan rama sangnata,
arga Tidhar wonten reksasa kukuwu,
angrusuhi jalma desa,
jajahan nagari Jambi.
6. Liman Balitung duk mulat,
sigra tinarajang wani sang yaksi,
pangguh samya suranipun,
dangu apacakara,
ing wusana sang ditya binanting remuk,
tanpa sesa wus palastra,
dene nalikane jurit.
7. Karya ebat ing akathah,
sang Aprabu Kisrawa aningali,
sang liman kalangkung teguh,
tan pasah ing bedhama,
miwah kunta gagamanira sang diyu,

pupug tumiba ing liman,
miwah pukul gada bindi.

8. Tan mantra-mantra karasa,
pamalese sapisan miyatani,
sumarma karsa sang prabu,
kinarya patembaya,
wus tri wulan sayabara tan kacakup,
kathah ingkang para nata,
tuwin kang para bupati.
9. Amedali sayabara,
datan ana siji ingkang ngudhili,
ing mangkya malih kawuwus,
wonten narendra prapta,
pitung raja sedya tumanggah prang pupuh,
sira sang Prabu Kisrawa,
wus miyos lan rajaputri.
10. Munggeng ing tarub wangunan,
jawi kitha nguni sampun rinakit,
papan kinenthengan bakuh,
wesi kinarya palang,
jroning kentheng panggonan liman Balitung,
sinung tarub lawan boga,
myang warih sampun cumawis.
11. Jawi kentheng binarisan,
lan gangsa geng kanan kering angapit,
dene kusumaning ayu,
munggeng ing papanggungan,
winatara tetela denny ndudulu,
kanthi emban babu inya,
pacara kang para cethi.
12. Ya ta wonten ratu mangsah,
ing Banggala wasta Prabu Kaswiri,

dedegnya ageng aluhur,
wuwulon lir reksasa,
dhiwut-dhiwut asereng polatanipun,
kulit irang asemu bang,
brengose satekem sisih.

13. Amakutha ginarudha,
ababadhong gandhowara susumping,
cawete poleng bintulu,
arapek sutra jenar,
rinenda mas agegelang kilatbau,
Prabu Kaswiri utusan,
tur uninga mring narpati.
14. Prabu Kisrawa gya duta,
paring priksa maring sang rajaputri,
yen wonten ratu umagut,
saking nagri Benggala,
wus pratela nama myang pangkating ratu,
wus kalilan kinen buka,
pintu mring jro kentheng manjing.
15. Saksana wus tinengaran,
gangsana kanan kering pra samya muni,
Raja Kaswiri agupuh,
manjing wahana liman,
pinalana sarwa mas dinulu murub,
telale pinonthang-ponthang,
lan sinung makutha rukmi.
16. Winawuru ing waragang,
liman ngempret nalikanira manjing,
kang baris surak gumuruh,
sapraptanireng papan,
anjegarang ngasta langkap sang aprabu,
punggawa kalih tut wuntat,
kang ngampil limpung lan bindi.

17. Samya ebat kang tumingal,
keh rarasan baya iku nguwisi,
ajarot gagah geng luhur,
sasat sang Arya Sena,
kadang Prabu Yudhistira duk karuhun,
sandhinge nauri sabda,
paran yen ing mengko olih.
18. Apa dhemen sang lir retina,
duwe bojo dhapure nggigilani,
sandhinge malih sumabung,
sang putri nora kena,
yen nampika ujar pasangiri antuk,
kuneng kang manjing ing papan,
liman mider angajrihi.
19. Saksana Prabu Kisrawa,
aken buka kandhang sapetak wingking,
sigra pun liman Balitung,
mijil sarya mendhapan,
tulalene mandhi kunta gung pinusus,
pinuter kadya likasan,
surak wadya kang abaris.
20. Prabu Kaswiri tumingal,
marepeki sarya menthang jemparing,
duk pagut sareng matempuh,
jemparingnya lumepas,
angeneni pathake liman Balitung,
tan tumama dening panah,
njegreg denira nadhahi.
21. Jemparing sawusnya rentah,
pun Balitung manggremg kadya nyumbari,
suraking wadya gumuruh,
gangsa seseg tinembang,
pun Balitung tanaga amigat-migut,

- sarwi ngagak-agak kunta,
sang retna suka ningali.
22. Sang Kaswiri ngungun miyat,
jemparingnya dene datan nedhasi,
mangka jemparing pinunjul,
pucuk sinungan wisa,
langkung ampuh prandene liman Balitung,
tan tumama dening wisa,
sang prabu gya menthang malih.
23. Ngagem sanjata bramastra,
ngembat langkap pun Balitung nadhahi,
lumepas bramastra murub,
tibeng kumbaning liman,
ngolang-ngaling tulalenira sumembur,
mijil we karya panulak,
mring durma kang warna agni.

DURMA :

1. Sampun sirna sor titih sara bramastra,
pun Balitung marpeki,
narendra sinawat,
ing kunta jajanira,
sumaput sri narapati,
Balitung mbedhat,
manggro kagiri-giri.
2. Limanira sang prabu tinubruk panggah,
meta nanging sor titih,
dinaut sukunya,
sinendhal liman rebah,
sri narendra kajumpalik,
enget malumpat,
tangginas nyandhak bindi.

3. Cecengele pun Balitung kang ginada,
wanti-wanti tan osik,
malah saya meta,
limanira sang nata,
pinarwasa dening gadhing,
sampun palastra,
punggawa kang kakalih.
4. Atutulung amedhangi suku ngarsa,
nanging tan miyatani,
sinaut kalihnya,
ngikal binanting kisma,
kakalih sampun ngemasi,
sri naranata,
pinarwasa ing gadhing.
5. Jajanira tan tumama nging kantaka,
cinandhak sri bupati,
binuwang malesat,
tibeng jawi barisan,
ginosongan mring wadya lit,
wau winarna,
sira rekyana patih.
6. Ing Makasar kang wasta Gunasaranta,
wus dangu dennyta prapti,
momor lan wong kathah,
mulat tingkahing aprang,
garundelan kiya patih,
dhasar asabar,
aprang mungsuh lan esthi.
7. Ora bisa ngasorake ratu apa,
dene dhapure becik
agagah prakosa,
iya mangsa tirua,
Gunasaranta papatih,

- dhegus prawira,
mengko pesthi nguwisi.
8. Kyana patih sedya mijil ngadilaga,
kasaru narapati,
sang Prabu Kirata,
nateng Sindu umangsah,
wus atur uningeng aji,
Prabu Kisrawa,
samangkya wus nglilani.
 9. Tuwin sang lir retna wus pining wikan,
pratelaning narpati,
nama miwah praja,
mangkana sri narendra,
nateng Sindu sampun manjing,
jro kentheng waja,
dharat sri narapati.
 10. Ngundha gada sembada dhapur birawa,
bregos capang ngajrihi,
amakutha retna,
susumping mas ginubah,
kilatbau anting-anting,
badhong kawaca,
sereng polatan andik.
 11. Nateng Sindu kacatur trah Jayadrata,
ing Sindu Banakeling,
nguni senapatya,
gegedhug ing Ngastina,
Prabu Kirata ngemperi,
prawiraning prang,
myang dhapur ngrespateni.
 12. Angsahora kanthi punggawa sakawan,
pilihan sura sekti,

miranti gagaman,
duk prapteng pabaratan,
gangsanya kanan kering,
surak gumerah,
wau wus denwengani.

13. Pintu kandhang liman Balitung gya medal,
sumreg kang ningali,
sang Prabu Kirata,
ngatag punggawa papat,
payo cacaken tumuli,
wesi kurita,
uluren loro sisih.
14. Adhangena mring liman sukune kapat,
mangsa bisaa budi,
sanadyan kuwata,
wisane rante ngrebda,
ing mengko lumpuh pribadi,
para punggawa,
gya mangsah nganan ngering.
15. Lan angulur kurita waja sinamar,
pun Balitung tan uning,
lamun pinasangan,
nyarempeng mring nggen nata,
waja kurita ngeneni,
sukune kapat,
kapulet tan bisosik.
16. nJegreg migeg-migeg budi tan kena wal,
tlalene mobat-mabit,
sarwi ngundha kunta,
punggawa kang sakawan,
sareng mangsa anggadani,
tuwin amedhang,
nanging tan miyatani.

17. Pun Balitung ngolang-ngaling gro ibekan,
ya ta kang aningali,
surake gumerah,
saweneh apocapan,
baya iku angentasi,
pasayabara,
ratu dhapure becik.
18. Kawuwusa kang ndudulu neng panggungan,
awas dennyang ningali,
sigra sang lir retina,
mundhut langkap triwandhan,
sengara braja pinusthi,
myat limanira,
pun Balitung meh kongkih.
19. Sang lir retina sigra nglepaskan sanjata,
wetune wor lan riris,
riris dadya tulak,
wisaning kang kurita,
triwandhan karya nguculi,
pamuletira,
kurita kang ningseti.
20. Duk tumempuh triwandhan sakala sirna,
kurita bosah-basih,
ucul sanalika,
liman Balitung mbedhat,
punggawa kapat kang maksih,
ngarubut ing prang,
sinaut sampun keni.
21. Gya binanting sumyur suh sakawan pisan,
wau sri narapati,
sang Prabu Kirata,
dangu asuka-suka,
ningali solahing esthi,

- susumbarira,
mangsa bisaa budi.
22. Malangkadhak nguwuh mring punggawa kapat,
heh heh ywa kopatani,
cekelen kewala,
dimen bungah sang retna,
yen mati nutuh mring mami
lan garundelan,
sunpondhong maleroki.
23. Ingsun peksa nyekeli barengos capang,
sambate aku suthik,
lah ya pagenea,
gajahku pinatenan,
njaluk tempuh suntempuhi,
awakku dhawak,
nuli mesem lan dhidhis.
24. Cukakakan sang nata lan suraweyan,
pun Balitung mrepeki,
sarwi ngikal kunta,
sinawat sri narendra,
jajane gumadhung keni,
kagyat anjola,
ampek karasa sakit.
25. Badhong pesok karakter mepet lan jaja,
malumpat sri bupati,
sarwi pandirangan,
tinubruk agya indha,
Balitung pinupuh bindi,
mukane kena,
tan mantra miyatani.
26. Goplak-gapluk sang nata tyasnya wus uwas,
arsa mundura isin,

ya ta wadyanira,
wruh semuning narendra,
punggawa lan para mantri,
manjing kalangan,
jinebat sri bupati.

27. Wus binekta mundur suraknya gumerah,
wau duk aningali,
sang Prabu Kiswara,
nateng Jambi sungkawa,
pangandikanira aris,
mring Patih Jabar,
heh Jabar paran iki.
28. Anak prabu ing Sindu meksa kasoran,
mangka iku narpati,
wus kajanapriya,
anak Prabu Kirata,
prawira dhapure becik,
yekti tan wingwang,
dadia mantu mami.
29. Sapa baya si Balitung kang ngasorna,
Patih Jabar wotsari,
pukulun patikbra,
darbe gelar simpenan,
yen paduka selak sedhih,
wit sang lir retna,
anom dangu tan krami.

SINOM :

1. Pukulun yen marengena,
pun Balitung pinrih lalis,
kawula lebeti wisa,
aneng papan kang arepit,
sampun wonten udani,

nunten paduka angutus,
putra Prabu Kirata,
paduka ken mijil malih,
sri narendra emeng gya sang senapatya.

2. Kang anama Empu Puya,
mancereng manabda wengis,
iku luput kyana patya,
tarekah nora matesi,
dudu ratu sayekti,
pasanggiri ngapus-apus,
kapindho luputira,
kang dhingin mring bathara di,
nora ngandel titahing Hyang Jagadnata.
3. Kapindho lirwa ngubaya,
dosa gedhe kang pinanggih,
ratu tan kena pepeka,
kudu anetepi jangji,
tumungkul kyana patih,
angrasa lamun kasiku,
nanging anganta-anta,
sumedya ndadyakken pikir,
sutanira priyanga kinen manjinga.
4. Angedegi sayabara,
ki patih ndarbeni melik,
nengna kang lagya pocapan,
wuwusen rekyana patih,
Makasar kang wawangi,
Gunasaranta agupuh,
manjing jro kentheng waja,
tanpa lapur tanpa wangsit,
marang nata ing Jambi laju kewala.
5. Mantengah lan cacawetan,
calananira denwingkis,

katupiksa ing narendra,
ngandika narpati Jambi,
Patih Jabar denaglis,
pariksanen sapa iku,
manjing aninggal tata,
larangana prihen bali,
Patih Jabar nembah manjing jro kalangan.

6. Panggih lan Gunasaranta,
Patih Jabar asru angling,
heh wong ngendi tanpa krama,
apa tan miyarsa warti,
patembayeng narpati,
singa manjing nganggo lapur,
pratela nama praja,
dene dhapurira becik,
busanamu dudu panganggone kumpra.
7. Ki Patih Gunasaranta,
mantheleng denny nauri,
heh kowe sapa ranira,
prapta angujar-ujari,
cangkemira cariwis,
sunsampluk meṅcos cocotmu,
ingsun nadyan manjinga,
wus lumrahe pasangiri,
singa-singa ing mengko yen antuk karya.
8. Pratela nama lan praja,
gampang katemu ing wuri,
sumarma tan lapur ingwang,
yen ingsun prapta ing pati,
aprang kalawan esthi,
dumadi aywa na weruh,
marang ing awakingwang,
mangkono karepan mami,
Patih Jabar miyarsa asru angucap.

9. Bener daludur wong jawal,
nganggo benere pribadi,
anganggo sawenang-wenang,
tan manut kang darbe nagri,
adana kang abaris,
prajurit apa tan weruh,
ana wong murang tata,
dadak nora dengebugi,
rinampoga si baring tan dadi apa.
10. Wadya kang baris aturnya,
pukulun rekyana patih,
duk wau tiyang punika,
ndhahresel aniningali,
dupi wus antuk margi,
manjing jro kentheng njarunthul,
cinepeng dhateng kanca,
tanganipun tiga sisih,
kinipatken kang nyepeng sami malesat.
11. Tunggile kanca bramantya,
rinampog datan nedhasi,
ingkang ngadhangi dhinupak,
kalenger ngantos sapriki,
ya ta Rekyana Patih,
Jabar miyarsa sru muwus,
yen mengkono prawira,
pagenea murang krami,
lah balia ing mengko sira balia.
12. Nauri Gunasaranta,
ingsun nora kena bali,
nadyan silih ratunira,
pagenea ingsun wedi,
nadyan ingsun wong siji,
karubuten satu ewu,
mangsa silih mirisa,

Ki Patih Jabar miyarsi,
sru bramantya wong iki barine ndadra.

13. Ora susah wong sapraja,
ingsun dhewe anguwisi,
ingsun Kyana Patih Jabar,
ing Jambi kaloka sekti,
payo ingsun kembari,
wong bragundung kaya wedhus,
Patih Gunasaranta,
sigra mangsah lan nampiling,
sirahira pok ping Kyana Patih Jabar.
14. Anglumba sru kalayaban,
mumet panone njempalik,
tinendhang tiba kalumah,
macicil dangu tan eling,
inguthik-uthik sikil,
matane tangi amekuh,
ngadeg narik curiga,
mayug-mayug anglarihi,
godal-gadul Ki Patih Gunasaranta.
15. Gumuyu sarya sru ngucap,
pelag apa patih Jambi,
mangsa silih nimbangana,
patih Makasar nagari,
prawira sura sekti,
ajarot gagah tur bagus,
Patih Jabar tinendhang,
binithi kalenger malih,
gya cinandhak mring Patih Gunasaranta.
16. Ingikal-ikal ing tawang,
ebat kang sami ningali,
adhedhep tan ana surak,
binuwang malesat tebih,

kalenger meh ngemasi,
katupiksa mring sang prabu,
ngungun Raja Kisrawa,
kinen nggotong kyana patih,
prapta ngarsa sinirat toya waluya.

17. Lenger-lenger pandirangan,
ngandika sri narapati,
heh Patih Jabar kaya pa,
dene wekasan ajurit,
sira iku sor titih,
wong ngendi kang murang laku,
eling rekyana patya,
manambah umatur aris,
ngaturaken ing purwa miwah wasana.
18. Pukulun jalma punika,
amba titi meksa kumbi,
amung sasampuning aprang,
susumbaripun kapyarsi,
papatihing narpati,
ing Makasar ratu agung,
boten cetha namanya,
prawiranipun nglangkungi,
sasat Gathutkaca suta Wrekudara.
19. Jalma kang baris punika,
ngadhangi nalika manjing,
ingamuk kathah kang tiwas,
tan wonten waged nggondheli,
kuwatipun tan sipi,
pukulun susumbaripun,
nadyan wong siji ingwang,
kinarubut wong sanagri,
mokal kalah wong Jambi kabeh gorekan.
20. Mesem sang Prabu Kisrawa,

layak kena iku patih,
lamun tuhu wong Makasar,
wus kaloka pirang nagri,
ratune sura sekti,
bagus anom bisa mabur,
Prabu Bramakumara,
wartane mring Tanah Jawi,
kurang mungsuh alalana andon aprang.

21. Iku patihe kang prapta,
lamun kinon mariksani,
marang pasangiriningwang,
wataraku mbesuk prapti,
Bramakumara aji,
yen mengkono denagupuh,
si Balitung wetokna,
ingsun arsa ngudaneni,
apa bisa mungkasi jro patembaya.
22. Kyana patih gya parentah,
ya ta kawuwusan malih,
Bathara Gana wus prapta,
kang ambekta sang Apanji,
lan Wirun kinen mijil,
saking astagina sampun,
karsa Bathara Gana,
kinen siluman sang Panji,
lawan Wirun kakalih samya seluman.
23. Pangandikane Hyang Gana,
kulup manjinga denaglis,
sira padha nadhahana,
yudane rekyana patih,
nanging aja kaeksi,
ngampingi liiman Balitung
mengko sunkarya pungkas,

jroning sayabara iki,
yen wus gambuh si Wirun ngentasi karya.

* * *

**XVI. BATHARA GANA DUMUGI JAMBI, PATIH
DHADHAP NARATAKA ANGSAL SAYEMBARA**

GAMBUH :

1. Sang Panji awotsantun,
sigra manjing jro jentheng lan Wirun,
nanging datan ana jalma kang udani,
mangkana liman Balitung,
kandhang wus binuka gupoh.
2. Dening wadya kang tunggu,
dupi mijil pun liman Balitung,
gangsana munya surak wadya kang abaris,
Ki Gunasaranta ndulu,
gambira prayitneng kewoh.
3. Ciptane bakal untung,
datan wegah mulat mring Balitung,
kyana patih mbregagah sarwi malangkrik,
bregose capang denelus,
polatan gumilir tanggon.
4. Ya ta liman Balitung,
nginthar ngundha kunta sebrang-sebrung,
duk angikal kumitir kadi ngagagi,
kyana patih sukeng kalbu,
mojar lah dene mengkono.
5. Si gajah duwe gendhung,
baya kasurupan si kepaung,
tan antara liman Balitung wus prapti,
kya patih sigra tinubruk,
pangah tanganira karo.
6. Anyandhak gadhing kukuh,
sinarudug ing gadhing tan keguh,
kyana patih mbregagah sarwi anguntir,

aganti surung-sinurung,
ganti kundur ganti sarok.

7. Suka kang andudulu,
suraking baris guntur-gumuntur,
nateng Jambi ngungun denira ningali,
ki patih prawira tuhu,
kuwat timbang datan kasor.
8. Udreg kongsi apeluk,
kyana patih gya nibani limpung,
sirahira Balitung ingkang ginitik,
ngolang-aling gro sumembur,
dineder kongsi mandhelong.
9. Kurang sathithik rubuh,
samy ebat wadya kang andulu,
pun Balitung minger sigra anibani,
ing kunta jaja pinanduk,
ki patih tadhah tur tanggon.
10. Ganti pupuh-pinupuh,
puteran mrih ing kasilibipun,
pun Balitung seleh kunta nyandhak wani,
tulale anyandhak lambung,
ki patih jinunjung abot.
11. Sinendhal sru pineluk,
kyana patih mengkang tanganipun,
tulalene cinandhak sigra inguntir,
uwal kyana patih mabur,
sumebrung bali mangisor.
12. Pinupuh pun Balitung,
lamun ki patih tinubruk mabur,
iberira mingser angungkuli esthi,
surake lir gunung guntur,
saweneh gumun malongo.

13. Ya ta kang andudulu,
rajaputri munggend luhur panggung,
ngungun ing tyas sang retina ngandika aris,
biyung emban sapa iku,
nanggulangi liman ingong.
14. Tan nganggo aweh weruh,
tambung laku nanging sureng kewuh,
kaya paran lamun mengko amungkasi,
nora sudi raganingsun,
laki lan jalma mangkono.
15. Dhapure reged sirung,
kaya buta yen nganggoa siyung,
pathi kasar kabeh wulune barintik,
dhuh biyung paran polahku,
lamun si Balitung kasor.
16. Ni emban nembah matur,
mangke kawula kang darbe udur,
boten kening yen unggul mondhong jeng gusti,
jer puniku tambung laku,
umanjing tan mawi pakon.
17. Ya ta kang aprang dangu,
dereng kuciwa aganti unggul,
kawuwusa rajaputra sang Apanji,
waskitha denny ndudulu,
yen patih tan arsa kasor.
18. Gya menthang rajasunu,
jemparing dhadhali kinen nempuh,
mring astane kyana patih kanan kering,
mung pinrih capeya iku,
nanging aywa kongsi layon.
19. Mesat dhadhali nempuh,
kyana patih kasilib tan weruh,

saking rikatira pesating dhadhali,
mung katingal gebyaripun,
duk tumempuh datan katon.

20. Wusnya mrawasa bau,
kanan kering dhadhali muksa wus,
kyana patih jimpe tanganira kalih,
arsa nggulawat markiyu,
ki patih micoreng batos.
21. Kena apa tanganku,
ora kedhang-kedhing ndadak kiyu,
apa iku si gajah bisa ngupasi,
yen mangkono tanganingsun,
si gajah tan bisa kasor.
22. Abecik ingsun mundur,
sesuk bae yen waras tanganku,
maju maneh sun namakken guna sekti,
wusnya nglocita jro kalbu,
ki patih arsa ambolos.
23. Ing nalika meh mabur,
rikat masang pusara Dyan Wirun,
sikilira ki patih jiniret keni,
singset ginendholan kukuh,
Dyan Wirun maksih tan katon.
24. Baringkung mayug-mayug,
kyana patih datan bisa mabur,
lunjak-lunjak karekuhan tan kenosik,
liman Balitung gya nubruk,
kya patih ginadhing ruboh.
25. Markungkung sinarudug,
pinarwaseng gadhing godal-gadul,
kongsi dangu ginulung-gulung neng siti,

arsa males datan pecus,
katuju kulite atos.

26. Ki patih merep apus,
wus ngaringkel api-api lampus,
surak umung suka kang sami ningali,
wong nonton gumer gumuyu,
ya ta tumingal sang katong.
27. Prabu Kisrawa gupuh,
aken anggiring liman Balitung,
lawan aken nupiksani kang wus lalis,
ya ta Empu Puywa matur,
lamun suwawi sang katong.
28. Jisimipun piṅundhut,
sumaosa ing ngarsa sang prabu,
mbokmanawi punika dereng ngemasi,
pinaring jampi pukulun,
yen saras asmara katon.

ASMARADANA :

1. Dewaji kang kaping kalih,
kalamun estu punika,
sri Makasar papatihe,
kongsi nemahi pralaya,
nadyan silih jinarag,
Sri Bramakumara prabu,
ywan sampun rengu ing driya.
2. Mirsa paduka saeni,
lamun Sri Bramakumara,
murina sinten mengsahe,
ratu sekti mahabara,
duk wau tingal amba,
jalma punika ateguh,
ginadhing datan tumama.

3. Ya ta karenan sang aji,
sigra angutus punggawa,
kinen anggotong jisime,
duty agya lampahira,
wus prapteng pabaratan,
giniring liman Balitung,
sapih kang pasayabara.
4. Ya ta wuwusen sang Panji,
lan Wirun-kang tan katingal,
uningeng karsa sang katong,
kakalih wus wangsul medal,
sinimpen mring Hyang Gana,
patih inguculan sampun,
pusaraning sukunira.
5. Ponang duta duk ningali,
mring Patih Gunasaranta,
lamun maksih ambekane,
binayang kyana patya,
merem nurut kewala,
sabab tangan taksih kiyu,
dereng wignya anggulawat.
6. Wus prapta ngarsa narpati,
duk sineleh kyana patya,
njenggelek ki patih linggeh,
caket lan dhampar narendra,
wahing maleleng mojar,
apa gawe ngong denusung,
ginawa mring pasamuhan.
7. Agawe wiranging rai,
cobak yen ingsun warasa,
ingsun amuk sira kabeh,
kyana patih panthelengan,
ngungun kang sami mulat,

ki patih denira muwus,
tanpa kekering mring nata.

8. Ya ta Empu Puywa aglis,
marepeki angrerepa,
dhuh sang sudibya densareh,
ing reh samya katambetan,
ing prapta jengandika,
winawas ingkang saestu,
andika pantes wibawa.
9. Lawan sapindhaha malih,
sampun katupikseng nata,
jengandika prakosane,
mila ugi sabarena,
prabu arsa uninga,
dhateng jengandika tuhu,
pinundhi lamun saweca.
10. Kyana patih duk miyarsi,
pamuwuse Empu Puywa,
jalar sareh pamuwuse,
angaturken mula buka,
myang nama kawijilan,
angandika sang aprabu,
yen mangkono estu sira.
11. Gunasaranta papatih,
heh anak lamun sembada,
sira kendela ing kene,
yen wus mari sayahira,
besuk maneh metua,
ing pasayabaraningsun,
sokur lamun gustinira.
12. Nak Prabu Makasar prapti,
mendah sukane tyasingwang,

kyana patih lon ature,
pukulun watawis prapta,
putra paduka nata,
kang saestu lampah ulun,
punika lamun angsala.

13. Patembayeng pasanggiri,
putri konjuk sumusupa,
putra paduka yektose,
kawula darmi kewala,
prabu suka miyarsa,
ya ta duk aruna surup,
bubar kang pasayabara.
14. Patih Makasar kinanthi,
sinung pondhokan sinuba,
dene ingkang para katong,
kang ngadegi sayabara,
gangsal kang dereng mangsah,
ing batin kang para ratu,
kewran prang lawan dipangga.
15. Sabab wus karaseng galih,
kasore Prabu Kirata,
Sindu dadya tuladane,
dadya samya gunem rembag,
arsa rumebut ing prang,
winasesa singa unggul,
kuneng ing ratri wus enjang.
16. Prabu Kisrawa wus mijil,
anganthi mring putrinira,
kadi saben panatane,
baris kupeng akalangan,
lan gangsa wus tinembang,
sang retna minggah mring panggung,
myang emban miwah parekan.

17. Ya ta wuwusen sang Panji,
kang sinimpen mring Hyang Gana,
wus kinen mijila age,
lawan Wirun winangsitan,
karsanya Sanghyang Gana,
wus kadhadha welingipun,
Dyan Wirun marek ing nata.
18. Nuli aken atur uning,
yen wonten cundaka prapta,
saking Keling pinangkane,
dene kang adarbe duta,
Prabu Dhadhapwasesa,
rawuhira nyalamur,
sedya manjing patembaya.
19. Wus katur ing narapati,
duta kinen angirida,
wus laju sumiweng katong,
tiniti Wirun aturnya,
amba papatih nata,
ing Keling panengran ulun,
wasta Dhadhapnarataka.
20. Putra paduka narpati,
sang Prabu Dhadhapwasesa,
anyalamur ing praptane,
tan ambekta wadyabala,
lamun sambadeng karsa,
nuwun tumanggah prang pupuh,
ngembari ponang dipangga.
21. Manawi unggul ing jurit,
mangke panggih lan paduka,
yen asor lajeng kemawon,
kondur sampun dados duka,
rajeng Jambi miyarsa,
mesem angandika arum,

nak prabu sakarsanira.

22. Wirun lengser ing ngarsa ji,
laju mijil mring kalangan,
susumbar endi rupane,
liman Balitung wetokna,
ya ta katungka prapta,
Sri Dhadhapwasesa sampun,
neng wurine Narataka.
23. Samya cingak kang ningali,
kang prapta lir Hyang Asmara,
lawan sumunu cahyane,
nadyan Dhadhapnarataka,
warnane bagus uga,
pideksa luwes ing tanduk,
mangkana Bathara Gana.
24. Dewa gajah sampun manjing,
marang Dhadhapnarataka,
kuneng sarati nulya ge,
ambuka kandhanging liman,
pun Balitung gya medal,
oreg kang samya ndudulu,
surake ambal-ambalan.
25. Saweneh rarasan angling,
jalma ngendi iku baya,
dhuh eman-eman baguse,
matia prang karo gajah,
dene iku nglengkara,
ing yuda bisaa unggul,
sabab ringkih karo pisan.
26. Bobote kang dhingin-dhingin,
para ratu gagah-gagah,
prandene asor jurite,
sandhinge nambungi ngucap,

aja sok ngina-ina,
gedhe cilik iku dudu,
kesekten yudakenaka.

PANGKUR;

1. Patih Dhadhapnarataka,
alon matur pukulun kadipundi,
amba mangke yen umagut,
yen waged kasembadan,
estu ewed manawi kawula unggul,
luhung paduka lumawan,
kawula ngamping-ampingi.
2. Nabda Sri Dhadhapwasesa,
lah maguta ywa nganggo walang ati,
dhasar iku karsaningsun,
condhong lan karseng dewa,
ingsun wajib mikramakken sira iku,
lair batin ingsun lila,
lawan sedya anglabuhi.
3. Ing aprang sira amriha,
kang arame ujanen kang abecik,
dimen suka kang ndudulu,
lan dimen ywa katara,
yen jinurung marang dewa gajah iku,
Patih Dhadhapnarataka,
entyarsa gya nekep kuping.
4. Punika dununging sembah,
tan antara liman Balitung prapti,
gora godha ngempret asru,
kumitir ngundha kunta,
Patih Dhadhapnarataka tatag tangguh,
lumawan maju rong tindak,
laras tanjak cara Jawi.

5. Tangginas rikat acukat,
 ukel tindak tajem besus terampil,
 liman Balitung agupuh,
 mangsah nibani kunta,
 tinadhahan tumibeng jaja gumadhug,
 panggah Patih Narataka,
 katiban kunta tan osik.
6. Tan obah saking panggenan,
 pining kalih pining tiga tan gingsir,
 karya eram kang andulu,
 surak ambal-ambalan,
 duk kinunta malah besus marep mungkur,
 anguja kuwating liman,
 yen tinubruk angendhani.
7. Malesat kesit lumpatnya,
 nganan ngering pinengkok anadhahi,
 kuntanya mangsah rinebut,
 wus karegem ing asta,
 ngadu kuwat sendhal-sinendhal rok peluk,
 Narataka yen sinendhal,
 amargagah datan osik.
8. Liman Balitung sinendhal,
 saking kuwatira sang dewa esthi,
 Balitung kongsep kajrungup,
 ndhekem gya linumpatan,
 Dhadhapnarataka sigra nyandhak buntut,
 tinarik kongkal denangkat,
 jinunjung kapurih tangi.
9. Kuwat ambarengkal liman,
 wusnya ngadeg sumebut denlumpati,
 margegeg tiba ing ngayun,
 sarwi anyendhal kunta,
 wus karebut saking ing tulale ucul,
 kuntane sigra binuwang,

Balitung namakken gadhing.

10. Tinadhahan dening asta,
kanan kering gadhinge dencekeli,
pinuntir liman Balitung,
kaguling sigra rebah,
ngolang-ngaling maksih cinekelan kukuh,
ebat kang sami tumingal,
ngungun sri narpati Jambi.
11. Anggung anggoyang kepala,
tuwin para ratu kang aningali,
sumlengeren mingak-minguk,
dene ana manungsa,
ngangkat gajah lir merang dennya anjunjung,
sadaya samya anyana,
yen puniku kang ngentasi.
12. Wuwusen sang lir kusuma,
dangu mulat Retna Turidawilis,
ngungun angandika arum,
heh tiyang wruha sira
iku jalma kang aprang lawan Balitung,
Patih Dhadhapnarataka,
ratune ngadeg neng wuri.
13. Kang nama Dhadhapwasesa,
ratu Keling timbalane rama ji,
ratune ingkang umagut,
jebul patih kewala,
kayaparan iku mengko lamun unggul,
sapa kang tanpa ganjaran,
apa ratu apa patih.
14. Ni emban alon aturnya,
kang saestu yen unggul pun apatih,
yekti patih ingkang antuk,
saba kang sayembara,

singa-singa angasorken pun Balitung,
estu dadya jatukrama,
nira jeng gusti sang putri.

15. Mesem sang Retna Turida,
yèn kenaa ratune iku becik,
wus sababag lawan ingsun,
dhasar bagus warnanya,
cahyanira kadya basanta sumunu,
ni emban matur anembah,
patih punika nggih sigit.
16. Tinimbang lan para nata,
ing kang sampun mijil ing nguni-uni,
boten kasor bagusipun,
baranyak sawatara,
kebat cukat tarampil dhasare besus,
wau sadangune aprang,
agung malirik mariki.
17. Kula yèn mastani babag,
lan paduka pantes salaki rabi,
yèn puniku ratunipun,
kawula ragi samar,
lamun dewa mindha-mindha anyalamur,
yèn manungsa boten gadhah,
cahya kang makaten gusti.
18. Kalamun wong laki dewa,
lir wong kalap tan kumpul rina wengi,
mesem sang kusumaningrum,
sigra mundhut sanjata,
suncobane si jenat apa ta teguh,
yèn tan pasah panghingwang,
sedhenge pinikir-pikir.
19. Sang retna menthang gandhewa,
sara agni ki patih yun binasmi,

ya ta kang madeg neng pungkur,
Prabu Dhadhapwasesa,
wus uninga kalamun kusumaningrum,
menthang langkap neng panggungan,
duk lumepas dentimbangani.

20. Bramastra meh amrawasa,
linepasan kacandhak dening warih,
temah cupet sirna sampun,
ngungun sang lir kusuma,
menthang malih sang retina ruditeng kalbu,
sang Prabu Dhadhapwasesa,
gupuh denira ndhingini.

21. Langkape sang lir kusuma,
ba-tiniban sanjata wus ngeneni,
tugel bet gandhewa putung,
sang retina merang ing tyas,
sor prabawa kadiranira wus kongsul,
tumurun saking panggungan,
kondur menyang kenyanapuri.

22. Emban kakalih tinalar,
ing kang kinen maspadakna ing jurit,
nengena kang sampun kondur,
wuwusen kang ayuda,
Dhadhapnarataka winangsitan sampun,
mring dewa gajah Hyang Gana,
kinen age amungkasi.

23. Sibra Dhadhapnarataka,
pun Balitung suku ngarsa tinarik,
sinendhal sakala rubuh,
telalene cinandhak,
duk pinokah liman Balitung ngalumpruk
sor titih wus tanpa daya,
ndhekem gya sang dewa esthi.

24. Ngatag Sri Dhadhapwasesa,

kinen nitih liman Balitung aglis,
duk arsa nitih sang prabu,
liman Balitung meta,
sarwi ngadeg Hyang Gana ngatingal sampun,
munggeng ngarsane kang liman,
Balitung wruh lamun kanthi.

KINANTHI :

1. Sigra pun liman Balitung,
nembah mring sang dewa esthi,
ngadeg talale mangangkang,
sarya mendhak munggeng ngarsi,
sang Prabu Dhadhapwasesa,
saksana sampun anitih.
2. Kyana patih munggeng ngayun,
anuntun gadhinging esthi,
lir sarati tingkahira,
sarya nenggala pinandhi,
wuwusen Prabu Kisrawa,
waspada denny ningali.
3. Mring tingkah kang aprang pupuh,
ewuh denira anggalih,
ngandika mring Empu Puywa,
kayaparan sapa olih,
de mangkono tingkahira,
Empu Puywa matur aris.
4. Dewaji saestunipun,
patembaya sampun titi,
pun Balitung kasorisa,
punika kang anitih,
putra paduka narendra,
ing Keling mangke sumiwi.
5. Ing ngarsa paduka prabu,

dhuh pukulun ingkang mugl,
paduka angurmatana,
Sri Dhadhapwasesa gusti,
yen runtik sinten kang nangga,
sawawratipun apatih.

6. Samanten prawiranipun
mendah ratune linuwih,
dene menggah sang lir retina,
sumaraha ing sakapti,
nira Sri Dhadhapwasesa,
ya ta sang narpati Jambi.
7. Karenan sigra dhadhawuh,
kinen tangara ngundhangi,
wus pungkas pasayabara,
sigra tangara melingi,
bubar ratu susuruhan,
gunem samya ngincim-incim.
8. Prabu Kisrawa agupuh,
nimbali sang rajaputri,
mijil saking dalem pura,
kalawan sang prameswari,
duk prapta ngarsaning rama,
sang retina sigra kinanthi.
9. Sarimbit binekta methuk,
kebut kabeh kang anangkil,
umiring sri naranata,
papatih Makasar maksih,
Ki Patih Gunasaranta,
tumut methuk ayun uning.
10. Papatih Makasar dangu,
ningali denira jurit,
tansah ngungun kagawokan,
dumadak kya patih pangling,

yen Wirun kang bandayuda,
tuwin marang sang Apanji.

11. Anjinggleng denny ndudulu,
osiking driya ki patih,
wong iku ngungkuli mring wang,
tuhu lamun sura sekti,
mendah ratune Sri Dhadhap,
wasesa punjul sabumi.
12. Sembada warnane bagus,
cahyane amindha sasi,
pratandha luwih kawasa,
lah iya ratu ing Keling,
muga dhangana ing karsa,
sun mintasraya ing benjing.
13. Pantes tinandhing prang pupuh,
lan si Panji Wanengpati,
Ki Patih Gunasaranta,
anemen denira pangling,
ing nguni dadya pocapan,
ki dhalang gedhog tiniti.
14. Ri sang pamasa andangu,
paran lire malih warni,
caritane jaman kuna,
ujar bisa malih warni,
dhalang Gedhog Lebdajiwa,
umatur sarya wotsari.
15. Nuwun ing saestunipun,
jalma kina sami sekti,
limrah saged amancala,
nuwun mawi aji-aji,
sampun kaiden ing dewa,
mesem jeng sri narapati.
16. Pangandikanira asru,

kapyarsa sakehing abdi,
Lebdajiwa kaya sira,
binalithuk lulang kirik,
wayang banjur pinerada,
sira nora anengeri.

17. Lamun jalma kuna iku,
akeh ingkang ora salin,
rupa mung salin tenaga,
lan paese disalini,
kaya wong paese abang,
nuli nganggo paes kuning.
18. Kaya Panji karo Wirun,
mung paese padha salin,
lawan asalin tanaga,
layake mengkono pikir,
manembah Sudiradirja,
sarwi gumuyu nyekikik.
19. Heh ki dhalang kang satuhu,
kula wingi bengi pangling,
mring Pak Sanul lan Sagotra,
padha sinalinan warni,
Pak Sanul sinung busana,
sarwa klinthing cara Bali.
20. Raine pinulas angus,
saawake ireng sami,
mawi godheg barengosan,
barintik sakepel sisih,
jenggote tiba ing dhadha,
mata kinen mondar-mandir.
21. Nanggo klinthing kalih ewu,
awake sakojur muni,
lah puniku kanca-kanca,
sadayane sami pangling,

badhe-binadhe totohan,
lir Gunasaranta patih.

22. Lebdajiwa manthuk-manthuk,
lo leres kula watawis,
nahan kang awawan sabda,
kawuwusa kang anitih,
liman Sri Dhadhapwasesa,
wus parek lan nateng Jambi.
23. Patih Narataka gupuh,
liman Balitung denecis,
suku ingandheg nanggala,
mendhak njerum punang esthi,
Narpati Dhadhapwasesa,
saksana tumurun ririh.
24. Liman ingundurken sampun,
kaya patih munggend wuri,
rajeng Jambi gurawalan,
cumundhuk angacarani,
angger sang prabu minulya,
kaaturan yen suwawi.
25. Pinarek dhampar jumerut,
dhuh kewran amba puniki,
pukulun sinten nganthia,
tuwin dipun ngabekteni,
mring cethi suta kawula,
pasanggiri wus punagi.
26. Sri Dhadhapwasesa ndheku,
amangsuli rum amanis,
paman prabu ywa sandeya,
Dhadhapnarataka patih,
punika kang angsal karya,
kawula amung ngastuti.
27. Sang pindha warna agupuh,

ngatag marang kyana patih,
kinen nganthi mring sang retna,
duk kinanthi rajaputri,
meh mopo nanging pineksa,
dadya tan mawi wotsari.

28. Samya mesem kang andulu,
wruh semune kang pinilih,
munya sagung pakurmatan,
sampun lenggah sri bupati,
lan Prabu Dhadhapwasesa,
patih Makasar marpeki.
29. Munggeng ngarsa makidhupuh,
rehning ngambi-ambil galih,
dennyarsa amintasraya,
Gunasaranta apatih,
wus tan ndarbeni panyana,
lamun amucung sang Panji.

XVII. PATIH GUNASARANTA BADHE MINTASRAYA DHATENG PRABU DHADHAPWASESA.

PUCUNG:

1. Alon matur, rajeng Jambi anak prabu,
kang wonten ing ngarsa,
paduka punika patih,
ing Makasar awasta Gunasaranta .
2. Sampun dangu, ingutus mring ratunipun,
Sri Bramakumara,
amedali pasanggiri,
Patih Gunasaranta sumambung sabda.
3. Kang saestu, amba boten yen ingutus,
mijil sayabara,
amung kinen aninitik,
sinten ratu ingkang unggul ing ngayuda.
4. Amba amung, anyoba liman Balitung,
sapinten dibyanya,
ing mangke sampun ngraosi,
estu awrat de amba kongsi kasoran.
5. Milanipun, manungsa kang saged unggul,
aprang lawan liman,
saestu punjul ing bumi,
Prabu Dhadhapwasesa aris ngandika.
6. Apa ayun, patih karsane ratumu,
Sri Bramakumara,
ngulatin ratu sinekti,
matur nembah Ki Patih Gunasaranta.
7. Dhuh pukulun, amba weca kang saestu,
jeng rayi paduka,
Sri Bramakumara aji,
kasor ing prang lan rajaputra Jenggala.

8. Kang jujuluk, sang Panji Asmarabangun,
aprang rambah-rambah,
ing jajahan Tanah Jawi,
ratu amba mawi kanthi tri narendra.
9. Prandosipun, ingaben prang boten pecu,
de putra Jenggala,
boten mawi anyuruhi,
ing ngayuda amung lan kadang kadeyan.
10. Yen angamuk, kadeyan satunggal mungsuh,
jalma tigang leksa,
tan kuwawi anadhahi,
ing samangke rayi paduka narendra.
11. Paminipun, wonten kang karsa tutulung,
saged ngasorken prang,
lan rajaputra sang Panji,
estu purun amundhi ratu kawula.
12. Malhipun, sinarah sakarsanipun,
mumundhut punapa,
peni-peni tuwin putri,
ratu kula sayekti boten lenggana.
13. Sang Aprabu, Dhadhapwasesa lingnya rum,
heh patih Makasar,
ratumu kurang nastiti,
wani mungsuh lan rajaputra Jenggala.
14. Marabangun, tan ana wong kelar mungsuh,
tandhinge mung ingwang,
wus lawas sunincim-incim,
ngadu sektin nging durung oleh dhadhakan.
15. Marma iku, lamun karsane ratumu,
met sraya maring wang,
dadi kaparengan yekti,
mung anggere kudu tuhu ing ubaya.

16. Duk angrungu, ki patih nyembah ping satus,
dhuh estu punika,
amba tanggal sri bupati,
reh kabetah ajrih lirwa ing wacana.
17. Duh pukulun, punapa paduka pundhut,
angger ngasorken prang,
lan rajaputra sang Panji,
angandika sang Prabu Dhadhapwasesa.
18. Tan anjaluk, peni myang rajabrana gung,
yen ingsun unggul prang,
lan si Panji Wanengpati,
ratunira sunjaluk dadia kadang.
19. Lawan ingsun, manjinga sadulur tuhu,
ywa kongsi sulaya,
sabanjure awal akir,
sapa cidra nemanana kasangsara.
20. Amung iku, patih ing panjalukingsun,
Ki Gunasaranta,
nalikanira miyarsi,
lali purwa saking sukane tyasira.
21. Nembah ngadhuh, sarwi ngadeg pancak gulu,
tangane ambapang,
kathuwelan kang sasisih,
kyana patih dhasare wong kurang ajar.
22. Dhemen lucu, lir wong baring monggat-manggut,
satemene dhasar,
ki patih tanpa kekering,
wong ing Jambi pindha upil kewala.
23. Kang andulu, gumuyu ambata rubuh,
Ki Gunasaranta,
bali mendhak nembah malih,
sungsun-sungsun lan umatur sagah-sagah.

24. Sang aprabu, ing Jambi ngandika arum,
anak patih sira,
aywa age-age mulih,
ngantenana pasangiri kang wekasan.

XVIII. SANG RETNA TURIDA ANGLEBETI SAYEMBARA

25. Jenengingsun, arsa aseleh kaprabun,
nganggo sayabara,
sapa bisa nigas pacing,
wit trenggulun gedhene padha lan liman.
26. Ywa jinabut, denpancas sauwitipun,
sapisan kewala,
ora kena amindhoni,
lamun bisa tigas umadeg narendra.
27. Sru gumuyu, ki patih amanthuk-manthuk,
kapanujon ing tyas,
wasisan dennyek yekteni,
ingkang badhe ingaturken ratunira.
28. Ciptanipun, ki patih sajroning kalbu,
kalamun gagaman,
mangsa bisa tigas pacing,
anjabane gagaman lawan pangwasa.
29. Lamun ingsun, wus nora kaduga nggayuh,
ya mung arsa wikan,
mangkana sang rajeng Jambi,
aturira mring Prabu Dhadhapwasesa.
30. Anak prabu, patembaya kang saestu,
papatih paduka,
punika wasisan kardi,
pantes lamun mungkasi wageda mancas.
31. Wit trenggulun, supados lajenga lulus,
jumeneng narendra,
tan wingwang lan nini putri,
yen sanesa kang angsal badhe wisuna.
32. Mangkya dangu, tan wonten ingkang sumanggup,

Sri Dhadhapwasesa,
ragi kewran myang ki patih,
dereng karya anyagahi patembaya.

33. Kang kawuwus, Bathara Gana kang njangkung,
nguni dereng linggar,
maksih ngampingi tan keksi,
Sanghyang Gana bibisik andikanira.
34. Mring sang Prabu Dhadhapwasesa heh kulup,
iku kerisira,
kang aran Kalamisani,
pasthi bisa amagas sapisan tatas.
35. Liya iku, tan ana kang bisa rampung,
nuli paringena,
kerismu marang sang putri,
konon magas si Wirun angampingana.
36. Pasthi lamun, karaton mbesuk tumurun,
sutane sang retina,
si Wirun ingkang manceri,
wusnya pungkas Hyang Gana musna srengkara.

ASMARADANA

1. Ya ta sang amindha warni,
aris amangsuli sabda,
paman prabu saestune,
mugi dinten mbenjang enjang,
paduka dhawahena,
sayabara badhe putus
inggih sadinten punika.
2. Yen wonten kang para aji,
tuwin kang para satriya,
maksih sagah dereng katog,
amba angantos sakedhap,

manawi sampun pundhat,
tan wonten kang saged rampung,
ing mangke nunten kawula.

3. Bilih saged angrampungu,
ya ta sang Prabu Kisrawa,
Ki Patih Jabar nulya ge,
kinen mijil undhang-undhang,
ing dalu tan kawarna,
enjang para nata kumpul,
mijil tata baris kapang.
4. Prenahnya sampun miranti,
wit trenggulun kang sakliman,
rinengga pang miwah godhong,
linungsir sutra peremas,
pinindha tutuwuhan,
ing sawarga dewadaru,
karya ebat kang tumingal.
5. Prabu Kisrawa wus mijil,
miwah Sri Dhadhapwasesa,
sang putri munggend wurine,
kanthi Dhadhapnarataka,
anulya tinengaran,
myang waradin undhangipun,
sinten kang karsa tumandang.
6. Ananging kang para aji,
tuwin kang para nayaka,
kendel tan wonten kang miyos,
rinaos wus tan kawagang,
undhang wus rambah-rambah,
dupi wus antara dangu,
sigra Sri Dhadhapwasesa.
7. Anganthi rekyana patih,
Wirun Dhadhapnarataka,

kinen nganthi sang lir sinom,
dadya tiga sasarengan,
cingak kang samya mulat,
lan munya tengara umyung,
mardangga kang kalasangka.

8. Wusnya parek kalawan wit,
sang retna nulya denatag,
mangarsa patih wurine,
sigra Sri Dhadhapwasesa,
amaringken curiga,
Kalamisani wus konus,
lir murub munggeng ing asta.
9. Kadung tyas sang rajaputri,
denyarsa mangsah amagas,
Dhadhapnarataka age,
astanira sang lir retna,
cinandhak gya pinolah,
Kalamisani manempuh,
keras kumilat lir kilat.
10. Sapisan datan mindhoni,
uwit trenggulun wus pagas,
rebah gumleger swarane,
njentung njenger kang tumingal,
temah tan ana surak,
kaeramen denny ndulu,
empang punang curiga.
11. Kadya tumanduk pribadi,
dinulu saking ing majat,
menggah curiga panjange,
amung sakilan satebah,
paran bisaa pagas,
tigas pacing wit trenggulun,
gedhene luwih sakliman.

12. Lawan kang magas pawestri,
punika kang karya ebat,
saguning kang para katong,
kamilurusen bubaran,
ya ta rekyana patya,
Gunasaranta gya nusul,
marang tengah pabaratan.
13. Prapta kadhepek wotsari,
marang Sri Dhadhapwasesa,
ki patih alon ature,
pukulun estu punika,
paduka punjul ing rat,
kawula amit umantuk,
ngaturi rayi paduka.
14. Sri Bramakumara aji,
sayektine nunten sowan,
ngestupada salerese,
kyana patih wusnya nembah,
sigra mesat ngambara,
malih ebat kang andulu,
dene manungsa belaka.
15. Bisa angambah wiyati,
wong sekti teka kesodan,
papatih Makasar aneh,
ya ta kang kantun ing wuntat,
rejeng Jambi asigra,
methuk marang konduripun,
sang Prabu Dhadhapwasesa.
16. Ngrepepeh angacarani,
dahat ing pangela-ela,
wit kacaryan kadibyane,
lan ngungun saguning patrap,
yayah pakaryeng dewa,
tan mantra keni ginayuh,

ing sasaming manungsa.

17. Mangayu tembung mamanis,
rajeng Jambi anoraga,
angger sinten wusanane,
kang mutusi patembaya,
dene ing reh punika,
sadaya ingkang saestu,
mijil saking jeng paduka.
18. Papatih tuwin sang putri,
punika darmi kewala,
lumaksana saking angger,
tuwin nguni punang liman,
tan liya jeng paduka,
kang ngasorken kang satuhu,
pun patih darmi kewala.
19. Ing mangke ingkang sayogi,
karaton Jambi punika,
pun paman angaturaken,
paduka kang ndarbenana,
kawula sampun lila,
lair batin kang satuhu,
ngandika sang mindha warna.
20. Paman prabu kang sayekti,
ugi nampeni kawula,
karaton ing Jambi mangke,
ulun paringken sang retna,
sinten kang malang karsa,
estu amba mengsahipun,
ing benjing wayah paduka.
21. Punika kang madeg aji,
sampun karsaning jawata,
darbe pangreh salajenge,
rajeng Jambi angrerepa,
langkung panuwunira,

ya ta wus ngaturan kondur,
nunggil ngadhaton jro pura.

22. Bubar ingkang pasanggiri,
nanging ingkang para nata,
susuruhan ing rembage,
arsa angrabaseng yuda,
merang tan angsal karya,
tamba kaweleh mirunggul,
karya dhadhakan kewala.
23. Dennyarsa kondura sami,
mring nagrine sowang-sowang,
kuneng ingkang winiraos,
kang sampun tentrem ngadhatyan,
rajeng Jambi parentah,
mamangun srining praja gung,
dennyarsa mangun wiwaha.
24. Panggihe sang rajaputri,
lawan Dhadhapnarataka,
Patih Jabar sakancane,
wadya punggawa kerigan,
sami anambut karya,
ing jawi lebet winangun,
kontap unduring payudan.

XIX. PARA NATA SUSURUHAN SAMI NGRABASENG PRANG

DURMA:

1. Kawarnaan Patih Jabar duk akarya,
tarub pinggiring margi,
lawan tutuwuhan,
wonten wadya pacalang,
saking jawi atur uning,
yen para nata,
susuruhan ndhatengi.
2. Saha wadya arsa angrabaseng kitha,
kasapta pra narpati,
binagi martiga,
sagunging wadyabala,
Patih Jabar duk miyarsi,
gya tur uninga,
kampita rajeng Jambi.
3. Marek maring Narpati Dhadhapwasesa,
satata matur aris,
pukulun anak mas,
pra nata mancapraja,
punika ngrabaseng jurit,
wit kalingseman,
dennya tan angsal kardi.
4. Kang makaten karya randhating pratingkah,
panggihnya nini putri,
wadya sanagara,
lagya anambut karya,
kaselak akarya jurit,
dhuh paran karsa,
reh amba sampun darmi.
5. Ing pangwasa wonten angger jeng paduka,

mesem sang mindha warni,
Sri Dhadhapwasesa,
alon ing aturira,
paman prabu kang sayekti,
pangwaseng praja,
wonten sang rajaputri.

6. Kayaparan sira Dhadhapnarataka,
umatur kyana patih,
yen sembadeng karsa,
sang putri dhinatengna,
rinembag mangke agampil,
Prabu Kisrawa,
sigra aken nimbali.
7. Sang lir retna sampun kerid prapteng ngarsa,
sampun pinaring uning,
myang sagunging patrap,
tumungkul esmu kewran,
wusana sang rajaputri,
matur anembah,
pukulun jeng ramaji.
8. Kang saestu ing mangke badan kawula,
rumaos tan prayogi,
yen darbe wisesa,
reh nguni andikanya,
putra paduka jeng gusti,
Dhadhapwasesa,
mbenjing pun jabang bayi.
9. Ingang priya punika darbe wasesa,
pamurweng ing prajadi,
ing mangke punika,
wonten pundi wasesa,
maksih wonten bathara di,
ulun sumangga,
karsa Hyang Otipati.

10. Rajeng Jambi ngungun myarsa aturira,
estu lamun patitis,
sanalika kewran,
sadaya kang miyarsa,
yen cumadhong bathara di,
manawi singlar,
reh wus kawrat mring jalmi.
11. Sakathahnya pangwasa sampun winedhar,
kawrat munggend ing jalmi,
punika sayogya,
ginalih reh pratingkah,
pasrah sisiping dumadi,
wus kapanduman,
cipta ripta lan budi,
12. Enengena kang lagya wawan ing karsa,
kawuwus ing pasisir,
wonten palwa prapta,
anggabag katingalan,
Sri Bramakumara aji,
kang lagya prapta,
lawan narpati kalih.
13. Kang satunggal sang Prabu Mandrasaraba,
lan Prabu Bramasekti,
sumarmenggal prapta,
narpati kang titiga,
awit aturing apatih,
Gunasaranta,
ratunira pinurih.
14. Akekaya sampun kantun ing pakarya,
ing pasamuan jurit,
ing reh darbe karsa,
ayun amintasraya,
wajib kekaya rumiyin,
supadya dhangon,

ing karsa kang pinurih.

15. Sri Makasar langkung gupuh suka ing tyas,
awit rekyana patih,
ing panggunggungira,
mring Sri Dhadhapwasesa,
Gunasaranta wus ngenting,
nggen karya umbag,
pawarta keh muwuhi.
16. Temah mengsah dahat tinilar adegan,
ya ta nalika prapti,
Sri Bramakumara,
wusnya mentas mring dharat,
patih kalih dendhawuhi,
myang pra punggawa,
kinen nempuh ing jurit.
17. Para nata susuruhan kang linanggar,
ingamuk saking wuri,
kang dadya pangarsa,
senapati pamungkas,
sira Arya Bagaspati,
kanthi punggawa,
astha kang sura sekti.
18. Wadyabala kawan lekha pipilihan,
kawan ewu turanggi,
nulya tinengaran,
kinen nempuh ing yuda,
gong kendhang salompret muni,
surak gumerah,
kadya nengker wiyati.
19. Wadyabala ing wuri dhedheg anjirap,
papanjeran rinakit,
myang sagung wahana,
rata liman turangga,

- kebekan muareng Jambi,
 ya ta pangarsa,
 kadgada nempuh wani.
20. Para dhaeng kawan ewu sikep pedhang, ⁴¹
 wahana kuda sami,
 mangsah anarajang,
 surung sereng amagas,
 wadya ingkang pacak baris,
 geger jangginggat,
 denamuk saking wuri.
21. Gundam-gundam kang pinedhang kumalewah,
 keh bau tigas pacing,
 myang tinunjang kuda,
 mamales kalah rikat,
 busekan pating jempalik,
 titindhihira,
 noleh ken anakeni.
22. Mantri Jurumalang asru atatanya,
 mungsuh saka ing ngendi,
 tambung laku cidra,
 ngamuk saka ing wuntat,
 ora nganggo tata titi,
 lir bajak alas,
 dene dhapur prajurit.
23. Arya Bagaspati amangsit punggawa,
 kang kinen anauri,
 weling wus kadhadha,
 sigra nauri sabda,
 heh heh ywa tambuh lah iki,
 wadya Makasar,
 kinen ambalang jurit.
24. Ratuningsun sang Prabu Bramakumara,
 kang wus saeka kapti,

lawan mungsuhiro,
Prabu Dhadhapwasesa,
naranata saka Keling,
sira kang mamak,
nora atuku warti.

25. Sira cidra narendraningsun murina,
lah age payo jurit,
pra dhaeng Makasar,
kinen ngamuk ywa kendhat,
ya ta Arya Bagaspati,
gya menthang laras,
bramastra kang pinusthi.
26. Duk lumepas pakuwon mengsah katiban,
tinundha wanti-wanti,
dahana mangrebda,
pakuwon wus kabakar,
lor kidul mubal dadyagni,
kang para nata,
suruhan kumpul sami.
27. Dupi arsa umangsah mantri Pamalang,
gupuh atur udani,
tetelaning mengsah,
lamun saking Makasar,
Sri Bramakumara aji,
ambekta bala,
sayuta kawan kethi.
28. Sumarmanya laju ngamuk saking wuntat,
sampun saeka kapti,
lan Dhadhapwasesa,
prabu Keling punika,
ya ta kang para narpati,
sandeyeng driya,
reh sampun amiyarsi.

29. Mring dibyane sang Prabu Bramakumara,
dadya rembag ngoncati,
mung nuduh panggawa,
kinen kawal ing yuda,
tinengaran methuk jurit,
lenes kewala,
sakedhap larut mijil.

MJIL:

1. Wadya susuruhan dhasar giri,
denira tumonton,
wong Makasar wuri katon angrep,
punggawane tinon becik-becik,
lulus denny nggendring,
katut para ratu.
2. Wus lorodan sumimpang anebih,
sanalika bodhol,
peperangan mantuk mring prajane,
kawuwusa kyana patih Jambi,
lawan senapati,
Empu Puyya nuju.
3. Ngrakit wadya dennyarsa nadhahi,
mungsu kang ndarojog,
lagya kumpul kagyat pamyarsane,
lamun ing jawi rame ajurit,
ing nalar dereng wrin,
apatih gya ngutus,
4. Mantri mijil kinen nupiksani,
angudi pawartos,
prapteng jawi giring pandulune,
dene wadya dhedhet tanpa wilis,
wahana wamarni,
kawuryan supenuh.



5. Dadya dutane rekyana patih,
mung antuk tatakon,
lamun prabu Makasar praptane,
arsa marek mring narpati Keling,
nulya wangsul ajrih,
gupuh dennya matur.
6. Dhuh pukulun punika kang prapti,
narendra kinaot,
ing Makasar tan cetha namane,
sabab kawula kaselak ajrih,
mulat kehing baris,
bentet kadya tedhuh.
7. Yen kang prapta angrabaseng Jambi,
sakedhap kemawon,
tan kuwawi sayekti bojode,
kyana patih ngungun duk miyarsi,
dupyarsa tur uning,
anulya kasaru.
8. Patih Gunasaranta kang prapti,
dinuta kang katong,
kinen atur unginga praptane,
lamun panuju estu sumiwi,
mring narpati Keling,
neng Jambi wus dangu.
9. Patih Makasar napak wiyati,
duk mulat mangisor,
katon patih Jambi pangrakite,
wadyabala arsa methuk jurit,
Gunasaranta glis,
aniyup tumurun.
10. Sarya mojar heh pating bathithit,
menenga samengko,

mungsuhira wus bubaran kabeh,
patih Makasar wus prapteng siti,
kyana patih Jambi,
tan pangling gya gupuh.

11. Majalengi mendhak ngasih-asih,
munggeng ngarsa ndhodhok,
Patih Jabar wus kawon yektine,
maring patih Makasar sru ajrih,
nguni sampun tobil,
lir tobat ping sewu.
12. Dhuh paduka punika kang prapti,
saking wiyat anjog,
kaleresan dhuh dhuh sokur bae,
amba punika kewran tan sipi,
bab dereng dumeling,
narendra kang rawuh,
13. Amba ngutus mantri tan dumugi,
reh ajrih tumonton,
wadyabala muntab lir gorangreh,
patih Gunasaranta nauri,
heh wruhanta mami,
dunuteng sang prabu.
14. Wis bubarna denira abaris,
lah aja salah ton,
ratuningsun sumiwi bakale,
marang Dhadhapwasesa narpati,
tutugna tumuli,
denira mamangun.
15. Sringing praja wis kariya sami,
ingsun mring kadhaton,
Patih Gunasaranta nulya ge,
mesat napak jumentara malih,
niyup jroning puri,

laju mring kadhatun.

16. Prabu Dhadhapwasesa duk mungging,
pawitra mas tunon,
Prabu Kisrawa munggeng ngarsane,
lawan Dhadhapnarataka patih,
kang ginunem maksih,
patrap seling sambut.
17. Nguni aturnya sang rajaputri,
rinaos karaos,
lagya eca kasarur praptane,
Patih Gunasaranta mangarsi,
kadhepek wotsari,
gupuh dennyatur matur.
18. Amba dinutatur rayi narpati,
pukulun sang katong,
tur uninga yen mengsah samangke,
sampun sirna pinarunggul jurit,
mring rayi narpati,
sawadyatur nunumbuk.
19. Awit mengsah angalang-alangi,
lebetnya sang katong,
ping kalihira paduka mangke,
yen marengi saestu sumiwi,
ngarsatur paduka ji,
mung cumadhong dhawuh.
20. Prabu Dhadhapwasesatur nabdatatur ris,
patih ing samengko,
yayatur prabatur aturatur age,
umaturatur dahatur sukatatur mami,
lan narimeng batin,
yayatur atutulung.
21. Karya unduring paratur narpati,

kang padha salah ton,
sira nuli balia denage,
sigra nabda mring narpati Jambi,
paman yen suwawi,
paduka kang methuk.

22. Lawan Dhadhapnarataka patih,
kasembadan karo,
Patih Gunasaranta gya lengser,
nembah mesat sapraptaning jawi,
wau rajeng Jambi,
ngungun aris matur.
23. Dhuh nahangger punika manawi,
nguni winiraos,
pradongdine ing patrap wiyose,
menggah aturipun nini putri,
ing mangke dumeling,
karsaning dewa gung.
24. Boten nyana sanes kang anyapih,
estu lamun elok,
ing Makasar sinten ingkang aken,
mesem ngandika sang namur dhiri,
punika sayogi,
ing pangemut-emut.
25. Rajeng Jambi sigra denny mijiil,
angrakit kaprabon,
kyana patih tata pamatahe,
para punggawa myang senapati,
kinen busanadi,
kang taruna mungguh.

SINOM :

1. Wus budhal sri naranata,
ing jawi kitha anganti,

munggeng ing tarub rinengga,
binusanan langkung asri,
lan sugata mawarni,
pratandha lamun susugun,
gunging kang pakurmatan,
ciptane sang rajeng Jambi,
sri Makasar inganggep pupundhenira.

2. Wit sampun kalokeng jana,
Sri Bramakumara aji,
ratu agung kinawasa,
sugih punggawa sinekti,
ing mangke marang Jambi,
ciptanira dahat untung,
sira Prabu Kisrawa,
ing batin darpa pamurih,
mrih kenginga samitra lan sri Makasar.
3. Sumarma Prabu Kisrawa,
pambogane minangkani,
ingkang adi-adi prapta,
supenuh sampun rinakit,
tuwuhan pinggir margi,
sinung woh kang mawa ranu,
ngandhaping tutuwuhan,
sakeh inuman cumawis,
winantara cukup ywa kongsi kasatan.
4. Sagunging wadya Makasar,
pinrih sukaning lumaris,
sagung ra-ara rinata,
pangauban den cawisi,
tatarub warni-warni,
lalayar urut marga gung,
ganti ingkang winarna,
Gunasaranta apatih,
iberira sineru samana prapta.

5. Pakuwon pinggir samodra,
gya niyup rekyana patih,
laju manjing pasanggrahan,
nuju sang narendra katri,
kumpul lagya siniwi,
dening punggawa gung-agung,
gunem maslahing prang,
wit mengsahnya angoncati,
lagya eca Ki Gunasaranta prapta.
6. Sarwi tanjak tatayungan,
megal-megol lir wong baring,
gumer kang sami tumingal,
saweneh ngaruh-aruhi,
punapa kyai patih,
kang makaten boten saru,
marek marang narendra,
turut marsi sarwi ngibing,
kyana patih ambekis sumaur sugal.
7. Carewet padha menenga,
jer ingsun wus oleh kardi,
mengko sira padha bungah,
angungkuli saka mami,
ika sang ratu Jambi,
susuguhe kaya gunung,
nyamikan num-inuman,
jinejer sapinggir margi,
kang mangkono awit kapinteraningwang.
8. Dhasar ingsun bingen mula,
yen angreka para aji,
banjur piturut lan suka,
kyana patih denirangling,
kongsi prapta ing ngarsi,
aturira ujug-ujug,
dhuh gusti enggal budhal,

paduka dangu denanti,
rajeng Jambi mbok dinalih kalayatan.

9. Sang Prabu Barmakumara,
mancereng sarwi nudingi,
jamake tutur kang cetha,
wong kinongkon padha aji,
jebul kaya wong ndleming,
dhasar sregep edan taun,
Patih Gunasaranta,
mangke cetha turut margi,
witing karsa sang Prabu Dhadhapwasesa.
10. Yen boten enggal paduka,
manawi dipunruntiki,
karša jeng paduka babal,
tuna lampah tebih-tebih,
sang prabu amiyarsi,
mesem alon denny matur,
marang rajeng Manila,
paran jeng rama puniki,
Prabu Bramasekti ken miturutana.
11. Ing reh padha jajaragan,
tanpa krama tanpa wanci,
sang Prabu Barmakumara,
sigra aken angundhangi,
ambudhalena dasih,
Patih Bramadenta sampun,
amamatah punggawa,
pangarsa miwah pawingking,
tinengeran budhal cucuking agagaman.
12. Muntab lir samodra bena,
wahana turangga esthi,
para nata munggeng rata,
ra-ara kebekan baris,
tan dangu ngambah margi,
kang wus rinakit susuguh,

suka wadya lumampah,
amanggih sarwa cumawis,
lampahira wus celak lan pasanggrahan.

13. Wadyeng Jambi ebat mulat,
gunge wadya ingkang prapti,
mire samya sapocapan,
wong Makasar nggigirisi,
layak tan olih tandhing,
Sri Bramakumara prabu,
samono wadyanira,
punggawane becik-becik,
ratu agung dhasar sekti mahabara.
14. Sapa mungsuhe yen aprang,
kang wus weruh anauri,
iku sang rajeng Makasar,
kalah prang marma mring Jambi,
mungsu ing Tanah Jawi,
wis lawas kabentus-bentus,
marma amintasraya,
marang sang narpati Keling,
kang anama sang Prabu Dhadhapwasesa.
15. Nengna wadya kang pocapan,
piyak wadya kang abaris,
prabu katri wus tumedhak,
saking rata kang rinukmi,
jajar denny lumaris,
rajeng Jambi gya tumundhuk,
ngrepepeh anoraga,
manembrama ngacarani,
tata lenggah sasaman munggend ing dhampar.
16. Gya atur pambagenira,
katampen bujana sami,
sang Prabu Bramakumara,

suka denira ningali,
dene sang rajeng Jambi,
noraga langkung susugun,
waradin sugatanya,
bujana sampun dumugi,
Patih Dhadhapnarataka gya mangarsa.

17. Lan Patih Gunasaranta,
umatur mring rajeng Jambi,
yen Prabu Dhadhapwasesa,
sampun dangu denny nganti,
munggeng ing pancaniti,
rajeng Jambi sigra matur,
mring Sri Bramakumara,
angger katuran suwawi,
padukendra inganti raka paduka.
18. Sang Prabu Bramakumara,
lan sang Prabu Bramasekti,
myang Prabu Mandrasaraba,
lumaksana dharat sami,
kerid mring rajeng Jambi,
tan atebih longkangipun,
tatarub pamethukan,
kalawan ing pancaniti,
ya ta Prabu Dhadhapwasesa tumedhak.
19. Jumeneng ngarseng dhadhampar,
angurmati sawatawis,
mring rawuhnya para nata,
sang Aprabu Bramasekti,
kang cumundhuk rumiyin,
mendhak taklim rehning sepuh,
yun nembah tan sinungan,
sang Aprabu Bramasekti,
ulap mulap mring cahya lir andakara.
20. Lawan estu katambetan,

tan anyana yen sang Panji,
kang nama Dhadhapwasesa,
kocap ing cariteng ringgit,
para narendra katri,
denira pangling puniku,
awit sang Wisnubrata,
kang mingkis cahya sayekti,
mrih sumuyud jrih asih kang para nata.

21. Drapon lulus sinamitra,
kontab prabaweng dewadi,
ywa kongsi sinorken ing prang,
ya ta sang narendra kalih,
kang estu awotsari,
Sri Bramakumara prabu,
lan Sri Mandrasaraba,
Sri Dhadhapwasesa nanging,
nggennya tampi ingangken kadang taruna.
22. Kawijil andikanira,
dhuh yayi prabu kakalih,
puniki sembah andika,
mring kadang tuwa kang pasthi,
dumunung lair batin,
dene sembah asor unggul,
ndheku kang para nata,
tata palenggahan sami,
dupi lenggah Ki Patih Gunasaranta.
23. Andhingini denny nembah,
ping satus abola-bali,
mring Prabu Dhadhapwasesa,
nuli kang para papatih,
lumintu pra bupati,
rajeng Jambi langkung ngungun,
dene sadaya nembah,
ratu ingkang sekti-sekti,

baya dewa sang Prabu Dhadhapwasesa.

24. Katara lageyanira,
mbek santa budya marta sih,
yen mengkono becik ingwang
ing mbesuk melu wotsari,
Bathara Suman pasthi,
mamayu jagad mrih ayu,
sira Prabu Kisrawa,
ing batin arsa ngyekteni,
dennya sami kalulut gandhengan asta.

**XX. SANG PRABU BRAMAKUMARA MINTASRAYA
DHATENG SANG PRABU DHADHAPWASESA**

KINANTHI :

1. Sri Bramakumara prabu,
entyarsa umatur aris,
pukulun saestu amba,
boten mawi wancak galih,
mangabekti wus kasedya,
reh manungsa andhap inggil
2. Rajeng Manila sumambung,
anak prabu kang sayekti,
punika rayi paduka,
ing batos sampun punagi,
sinten ingkang ngasorena,
mring rajaputra pun Panji.
3. Pinundhi sinuhun-suhun,
ing reh punika pun Panji,
dahat denny kumawawa,
yayah lir mangesi-esi,
ri paduka kalingseman,
ing sasami narapati.
4. Marmi ta nyuwun pitulung,
lamun kasembadan kapti,
ya ta Sri Dhadhapwasesa,
mesem denira mangsuli,
paman prabu kang punika,
masalahipun agamil.
5. Kawula ingkang tumanggung,
amengsah lawan pun Panji,
nanging amba yun miyarsa,
bubuka kang dadya jurit,

paman prabu estu gawa,
pratingkah lamun kasilib.

6. Punika dadya sor unggul,
ing ngayuda ingkang pasthi,
pun Panji lepat punapa,
dhumateng yayi narpati,
tuwin mring paduka paman,
punika sami ginalih.
7. Sabarang kang manjing kukum,
tan pantuk yen datang yekti,
wonten malih sabab ing prang,
yen karsa yayi narpati,
amung angelar jajahan,
arsa nekem Tanah Jawi.
8. Lan marentah para ratu,
punika ingkang sayogi,
ywan ta dede leresipun,
boten kenging ginagampil,
tangeh tan kenging rinembag,
kasoripun para aji.
9. Paduka wekca pukulun,
mangke amba kang njeksani,
leres lepat ing bubuka,
kang punika mratandhani,
kasor unggul ing ngayuda,
ya ta Prabu Bramasekti.
10. Dheleg amiyarsa wuwus,
rinaos karaseng galih,
menggah pangandikanira,
Sri Dhadhapwasesa aji,
ywan nguni mangka bubuka,
tetep kadya salah kardi.

11. Sri Bramakumara prabu,
drawayan riwenya mijil,
wrin marang ing lepatira,
wusana umatur aris,
sang Prabu Bramakumara,
yayah kadya anuwun sih.
12. Pukulun ingkang saestu,
jeng paduka mug-mugi,
angicalna kalingseman,
karya nar tingkah kasilib,
saetunipun manungsa,
inggih anglampahi wajib.
13. Mangsa boronga pukulun,
sang mindha warna lingnya ris,
yayi prabu ing Makasar,
punapa anembadani,
saking pamatah kawula,
darapon sampurneng sisip.
14. Kawula damel pirukun,
yen pun Panji nyulayani,
dadya marginipun lepat,
punika saestu gampil,
kawula kang tumandhing prang,
sagendhingipun pun Panji.
15. Yayi kedah amituhu,
ing pirukun mrih sayogi,
sang Prabu Bramakumara,
sanalika wus nyagahi,
sineksi kang para nata,
pirukun dereng kawingkis.
16. Benjing yen sampurneng pungkur,
sakathahe kang pakardi,
ya ta Sri Dhadhapwasesa,

ywan taha ngandika malih,
yayi prabu sapunika,
tuwin jeng paman narpati.

17. Mugi lerepa karuhun,
neng Jambi kawandasa ri,
anjenengi papanggihnya,
punika sang rajaputri,
kang kalebeng patembaya,
pun Narataka mungkasi.
18. Ya ta nembadani kayun,
sagung kang para narpati,
rajeng Jambi gya parentah,
angerig wadya sanagri,
kinen amangun paboga,
sasaosan pra narpati.
19. Rinakit sajuru-juru,
jawi lebet ing nagari,
rinengga asri kawuryan,
bujana ing siyang latri,
sang Prabu Dhadhapwasesa,
makuwon ing pancaniti.
20. Tan kondur mring jro kadhatun,
duk samana sampun panggih,
Patih Dhadhapnarataka,
lan rajaputri ing Jambi,
dupi sonten papanggihnya,
enjingnya narpati Jambi.
21. Seleh ing kaprabonipun,
dhumateng sang rajaputri,
sineksi kang para nata,
tingkah mawi denjarwani,
benjing dumugi wusana,
atmaja sang rajaputri.

22. Kang priya jumeneng ratu,
pungkas sakathahing janji,
nulya lekas among suka,
nguni kacatur ing ringgit,
sang Prabu Bramakumara,
• langkung sih-sinihan sami.
23. Lan Dhadhapwasesa prabu,
wus kadya kadang pribadi,
tulus denny katambetan,
tan anyana yen sang Panji,
saka repiting pratingkah,
lah karsaning jawata di.
24. Denny bujana anutug,
jangkep ing kawandasa ri,
nuli andadyakken rembag,
dennyarsa mring Tanah Jawi,
wus pundhat kang tri lampahan,
mamanis ingkang gumanti.



PN BALAI PUSTAKA — JAKARTA

Perpustakaan
Jenderal

85